

Gid Aprantisaj Eksplorasyon da Vinci Workshop "Atelye da Vinci"

Leonardo da Vinci se te yon syanstis, atis, enjenyè, envantè ak matematisyen. Sèvi ak pwòp kreyativite'w e kiryozi'w pou kapab angeje nan **jeni ak pwosesis pou fè atizana** tankou da Vinci.

ESEYE SA

Ekzibit: Wind Table "Tab Van"

Ramase zouti de Workshop da Vinci e eksplòre kijan materyèl ak diferan pwopriyete aji nan kouran lè li vètikal. Kisa ke ou konstate lè w'ap eksperimente ak materyèl de diferan pwa ak gwosè?

Sèvi ak obsèvasyon pou bati yon bagay ki kapab naje oubyen vole nan kouran lè e teste kreyasyon'w lan. Eske li aji fason ke ou panse an? Ki chanjman oubyen ajisteman ke ou vle fè nan desen'w lan?

ESEYE SA

Ekzibit: Workshop "Atelye"

Workshop da Vinci ankouraje pou bati e kreye. Pou enpe enspirasyon, ou kapab bay tèt ou defi pou:

- Fè yon bagay ak o mwen 3 diferan tip de materyèl
 - Bati yon bagay ki gen pati kap bouje ladan'l
- Kreye yon bagay ki kapab woule de yon pati tab la a yon lòt
 - Envante yon bagay ki rezoud pwoblèm ki nan mond lan.

Si ou gen yon plan pou kapab bati yon bagay, pataje li ak yon lòt moun. Eske ou eksperyans pwoblèm ak desen'w lan? Idantifye pwoblèm lan, e panse a kijan ke ou kapab revize oubyen chanje apwòch ou, materyèl, oubyen zouti'w.

Fouye pi fon

Reflete e kominike

Kisa ke ou te jwi plis sou eksplore diferan materyèl oubyen metòd pou kreye? Kisa ke ou te jwenn ki te yon defi? Kòman ke ou te travay a travè defi sa yo?

Fè koneksyon

Leonardo da Vinci pase tout vi'l ap eksplore mond otou de li menm e pouswiv enterè nan yon gwo varyete de sijè. Ale nan *Water Gallery "Galri Dlo"* pou kapab obsève kijan dlo koule tankou da Vinci, ki etidye mouvman vag ak chemen. Eksperimante ak pwopriyete nan lè nan *AirPlay Gallery "Galri Jwe nan Dlo"*, menm jan da Vinci te fè pou li desine machin ki vole. Vizite *Discovery Woods "Pye Bwa Discovery"* pou pratike gade la nati, yon bagay ke da Vinci te jwenn spesifikman enspiran.

Eskplòre plis lakay ou

Investige plis de pi lwen ke Mize Discovery. Kontinye poze kesyon, fè obsèvasyon, fè eksperimantasyon, e predi kijan y'ap soti: Eseye gade bwat resiklaj ou a nouvo je. Vire resiklaj pwòp ou pou kapab refè kreyasyon si ou konbine ou ak lòt "bagay ou kite dèyè" tankou papye tisi, ti pyès twal, ti riban ki twò kout e fil epè, ekstra bouton, oubyen ti papye konstriksyon.

Pandan ke oumenm ak pitit ou angaje nan ekzibit ki nan da Vinci Workshop "Atelye da Vinci" ou kapab eksplore konsèp ki konekte ak Kourikoulòm Syans/Teknoloji/Jeni nan Massachussetts, kourikoulòm ke yo anseye spesifikman nan Anvan-Jaden d'anfan, Jaden d'anfan, Ane 2 ak 4 a 7.